

Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DISTRIBYE LÈT KI DIRIJE DEPATMAN SÈVIS PIBLIK LA POU ELAJI ENVESTIGASYON NAN REFI SÈVIS NATIONAL GRID LA

Dirije DPS pou Egzamine Mezi pou Asire ke National Grid Imedyatman Bay Kliyan ki Afekte pa Refi sa yo Sèvis epi Enpoze Sanksyon ak Penalite Apwopriye yo

Gouvènè Cuomo: "Mwen dirije w pou konsidere altènativ a National Grid kòm franchize pou kèk oswa tout zòn li aktyèlman sèvi a"

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo distribye lèt ki dirije Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) pou elaji investigasyon nan refi sèvis National Grid la. Nan lèt la, Gouvènè a mande DPS pou asire National Grid imedyatman bay sèvis a kliyan yo te refize san rezon valab yo epi enpoze penalite ak sanksyon, jan sa apwopriye. Si National Grid pa kapab bay kliyan ki egziste deja sa yo sèvis ki an sekirite, abòdab ak fyab, Gouvènè a te mande DPS pou li konsidere altènativ pou National Grid kòm franchize pou kèk oswa tout zòn li aktyèlman ap sèvi yo.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Depatman Sèvis Piblik ap mennen ankèt sou aplikasyon National Grid la nan moratoryom li a sou sèvis bay sèten kliyan gaz natirèl. Administrasyon mwen an te resevwa rapò ke National Grid refize sèvis a kèk kliyan ki inisyè nouvo pwojè konstriksyon byen anvan anons moratoryom National Grid li a, ki gen ladan devlopman lojman abòdab. Si rapò sa yo egzat, National Grid ap retade, si se pa refize, sèvis ki nesèsè pou abrite fanmi defavorize yo.

Nou te resevwa tou rapò sou ensidan kote kliyan yo te mande sispansyon nan sèvis gaz natirèl yopou yo te kapab fè reparasyon bilding, epi lè yo eseye rekòmanse sèvis yo, National Grid te refize yo - ki gen ladan refize bay pwopriyetè yo ak ti biznis yo sèvis, ak omwen yon òganizasyon san bi likratif ki opere yon sant pou granmoun aje. Si rapò sa yo egzat, refi National Grid pou reprann sèvis yo ta ka mete sante ak sekirite moun New York yo an danje. Pwopriyetè ki afekte yo ka gen ladan fanmi san mwayen pou asire rezidans altènatif, epi refi sèvis National Grid la ka anpeche fanmi sa yo jwenn chofaj pandan tanperati yo ap desann. Nan ka oganizasyon san bi likratif la, refi National Grid la pou reprann sèvis ta ka kite granmoun aje yo san yon kote ki an sekirite pou resevwa manje ak konpayi.

Mwen òdone w pou elaji investigasyon kontinyèl ou pou enkli ankèt sou ensidan rapòte sa yo. Si ou jwenn ke National Grid ap refize sèvis nan sikonstans ki dekri pi wo yo, mwen òdone w (1) pran nenpòt ki etap nan otorite ou pou asire ke National Grid

imedyatman bay sèvis a kliyan ki afekte pa refi sa yo, jan sa apwopriye, ak (2) enpoze penalite ak sanksyon ki apwopriye yo. Anplis de sa, si National Grid pa kapab bay kliyan ki egziste deja yo sèvis ki an sekirite, abòdab ak fyab, oswa li pa kapab byen planifye pou li kapab sèvi nouvo kliyan yo, mwen òdone ou pou konsidere altènativ pou National Grid kòm franchize pou kèk oswa tout zòn li aktyèlman ap sèvi yo.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)